

---

MEMORANDÒM

POU: Prezidan an ak Manm yo  
Komite Lekòl Boston

DE: Nathan Kuder  
Ofisye Finansye An Chèf

SIJÈ: Kontribisyon pou Apwobasyon

DAT: mercredi 26 octobre 2022

W ap jwenn nan pyès jwent sibvansyon pou apwobasyon Komite Lekòl la bay nan dat mercredi 26 octobre 2022. Divès kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou ou egzamine epi te depoze bò kote Biwo Sekretè Komite Lekòl la.

Lekòl Piblik Boston yo

komite lekòl Boston

vil Boston

Mary Skipper, Sirentandan

Jeri Robinson, Prezidan

Michelle Wu, Majistra



# SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA

mercredi 26 octobre 2022

Montan	FY	Non Sibvansyon	Estat	Direktè Finansman	Domèn Konsantrasyon (yo)	Sit
440 800\$	2023	Tan Aprantisaj Elaji nan Massachusetts - YAA	Nouvo	Kenya Elisa- McLaren	Tan Aprantisaj Pwolonje	Young Achievers
<b>440 800\$</b>		<b>Total</b>				

## FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23467

Non Sibvansyon: Tan Aprantisaj Elaji nan Massachusetts

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Kompetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1ye Septanm 2022 – 30 Jen 2023

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Moira Connolly  
75 Pleasant Street Malden MA 02148- 4906  
Telefòn: 781-338-6234  
Imel: mconnolly@doe.mass.edu

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Opòtinite Aprantisaj Elaji ak Patenarya  
Jesyonè Fon BPS: Kenyia Elisa-McLaren, Direktè Pwogram Avan ak Aprè Lekòl

Chèt Depatman/Direktè Lekòl: Alba Cruz-Davis, Direktè Egzekitif  
T'Sheba Martin, Direktè, "Young Achievers (Jèn Pèfòman)"

Montan Anyèl Pri a 440 800\$ (Ane Lekòl 2023 sèlman)

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): Pa Aplikab - chak ane bezwen yon nouvo demann kontinyite.

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 597

Sit yo: Young Achievers

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Generation, Inc (Literasi); Franciscan Children's Hospital (SEL), City Year (Americorp), Community Boat Building (5èm ane), FOYA (Jwèt Echèk, A Masyal yo, VA), BNC (Syans 1ye - 4èm ane)

### **Deskripsyon Sibvansyon**

Inisyativ Tan Aprantisaj Pwolonje Massachusetts se yon pwogram ki pèmèt lekòl yo ogmante yon fason ki konsiderab lè ak jou nan kalandriye eskolè a pou kreye pou tout elèv bon kalite aprantisaj ki reponn ak bezwen elèv yo epi pou reponn ak pi gwo atant leta ak lwa federal yo fikse. Pwolongasyon orè lekòl yo pèmèt chak lekòl amelyore rezilta elèv yo, motive yo epi fè yo patisipe: (1) Bay plis tan ansèyman nan matematik, literati, syans ak lòt matyè debaz pou pèmèt elèv yo atenn nivo leta mande a; (2) Entegre nan jounen lekòl la posiblite pou elèv yo anrichi konesans yo ak aprantisaj aplike ki konplete nivo leta mande a epi pou konfòme ak egzijans 21yèm syèk la; ak (3) pwograme plis tan pou òganize, planifye, analize, konsepsyon leson yo ak devlopman pwofesyonèl pwofesè yo, nan kèk ka, sa gen ladan l pwofesyonèl ki soti nan òganizasyon patenarya ki nan kominote yo.

### **Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye**

Apwoksativman 86% sibvansyon an pral finanse salè pèsònèl lekòl yo ak alokasyon retrèt yo.

Apwoksativman 11% nan sibvansyon an pral finanse sèvis kontraktyèl patnè yo pou ofri divès opòtinite aprantisaj ak anrichisman adisyonèl.

Apwoksativman 3% nan sibvansyon an pral jwenn kontribisyon dirèk pou distri a, rekòmande pou tout sibvansyon yo.

**Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)**

**Objektif #1:** Avan Jen 2023, 50% elèv Young Achievers yo nan klas 2èm-8èm ane yo pral "reponn ak atant yo" oubyen pral "bezwen kèk sipò pou reponn ak atant yo" evalyasyon enterim Illuminate nan fen ane.

**Endikatè:** Done sou evalyasyon Illuminate